

Lè lafimen dezyèm men antre lakay ou: Kesyon yo Poze Souvan

Lafimen dezyèm men kapab yon pwoblèm ki difisil pou w viv avèk li. Enfòmasyon ak resous ki pi ba yo kapab ede w lè lafimen dezyèm men antre lakay ou.

Ki lwa ki pwoteje moun New York yo kont lafimen dezyèm men nan bilding yo?

Lwa sou Lè San Lafimen (Smoke Free Air Act, SFAA) Vil Nouyòk (NYC) entèdi moun fimèn ak itilize sigarèt elektwonik nan zòn komen lokatè yo pataje nan bilding rezidansyèl ki gen twa apatman oubyen plis yo. Zòn komen yo enkli koulwa yo, eskalye yo, sal lesiv yo ak lobi yo. Fimèn gen ladan li itilizasyon tabak oswa sigarèt kanabis (marigwana), siga ak chicha (pip dlo).

Kisa mwen ka fè si lafimen antre nan apatman mwen an paske vwazen mwen yo ap fimèn nan espas komen yo?

Pou w rapòte yon moun ki vyole règleman SFAA yo, rele **311** oswa ale sou on.nyc.gov/smokingcomplaint, agrandi meni dewoulan **Building (Bilding)** lan epi klike sou **Report smoking at a location covered by the Smoke Free Air Act (Rapòte moun k ap fimèn nan yon espas ki kouvri, ki anba Lwa sou Lè San Lafimen)** la. Pou w rapòte yon vyolasyon pa telefòn oswa sou entènèt, ou dwe bay enfòmasyon pou yo kontakte mèt kay la oswa konpayi k ap jere bilding nan ak tout adrès bilding lan. Tout enfòmasyon yon moun pataje ak **311** konfidansyèl.

Kisa mwen ka fè si lafimen antre nan apatman mwen an paske vwazen mwen yo ap fimèn nan apatman pa yo?

SFAA pa anpeche moun fimèn anndan pwòp apatman pa yo. Sa vle di NYC Department of Health and Mental Hygiene (Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk) pa kapab reponn pou plent yon moun pote pou lafimen k ap vwayaje soti nan yon apatman ale nan yon lòt.

Si bilding ou an gen yon règleman pou yon espas kote moun pa fimèn epi li pa pèmèt moun fimèn nan kay la, vwazen ou yo ka an vyolasyon kontra lwaye yo. Swiv etap sa yo pou w ka rapòte pwoblèm nan:

1. Ekri lè lafimen an antre nan apatman w lan, kote li soti ak nenpòt pwoblèm sante li lakòz (tankou si l fè w touse oswa si li ba w pwoblèm pou w respire) nan yon jounal oswa nan yon kalandriye. Mete plis detay ou kapab.
2. Ekri pwopriyete oswa manadjè bilding ou an. Dekri pwoblèm nan an detay epi mande èd. Ou ka sijere kèk solisyon tou, tankou bouche fant ant apatman yo oswa tcheke sistèm vantilasyon an. Konsève kopi nenpòt kominikasyon ak repons yo.
3. Si w ap pale ak vwazen w lan, fè l tankou de (2) zanmi. Di yo lafimen ap antre nan apatman w lan epi li afekte sante w oswa sante fanmi w. Si w bezwen èd pou w pale ak vwazen w lan, kontakte New York Peace Institute nan 212-577-1740 oswa nan info@nypeace.org.
4. Si etap ki anwo yo pa ede w, kontinye ekri pwopriyete oswa manadjè bilding ou an.
5. Ale sou nycsmokefree.org pou w jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou w defann dwa pou w viv nan yon lojman kote moun pa fimèn.

E si bilding mwen an pa gen yon règleman sou moun k ap fimèn?

Depi mwa dawout 2018, yon lwa lokal egzije pou tout bilding rezidansyèl ki gen twa apatman oswa plis gen yon règleman sou moun k ap fimèn. Pwopriyete ak manadjè bilding yo dwe pataje règleman yo ak lokatè aktyèl yo epi ak pwochen lokatè yo oswa yo dwe peye yon penalite \$100. Se pwopriyete ak

manadjè bilding rezidansyèl yo ki dwe pran desizyon pou yo mete règleman sou moun k ap fimen nan bilding yo. Menm lè kèk bilding ka pa aksepte moun fimen, lalwa pa egzije pou lojman yo pa aksepte moun fimen. Pou plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/health epi chèche "**smoke-free housing**" lojman san moun k ap fimen.

E si m pa t resevwa yon règleman sou moun k ap fimen nan men mèt kay mwen an?

Mande mèt kay la règleman an oswa rele **311** epi di ajan an ou pa t resevwa yon règleman sou moun k ap fimen nan men pwopriyetè w la. Ou dwe bay adrès bilding lan ak enfòmasyon pou yo kontakte mèt kay la oswa konpayi k ap jere bilding lan. Tout enfòmasyon yon moun pataje ak **311** konfidansyèl.

E si pwopriyetè oswa manadjè bilding mwen an pa ede m?

Konsidere pale ak yon avoka sou dwa legal ou yo. Yon lokatè ki gen yon andikap ke lafimen afekte, tankou yon maladi nan poumon, ka al lajistis si yon pwopriyetè pa fè yon aranjman rezonab pou l pwoteje li kont lafimen dezyèm men. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou:

- nycourts.gov/courts/nyc/housing
- housingcourtanswers.org/answers/for-tenants
- publichealthlawcenter.org/topics/commercial-tobacco-control/smoke-free-housing
- smokefreehousingny.org

Èske gen lòt règleman ki aplike nan lojman sosyal yo?

Wi. U.S. Department of Housing and Urban Development (Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini) te egzije pou tout lojman sosyal yo vin tounen espas kote moun pa ka fimen anvan 30 jiyè 2018. Règleman Otorite Lojman Etazini (NYCHA) pou yon espas kote moun pa fimen entèdi yo itilize sigarèt, siga, pip ak pip chicha nenpòt kote andedan bilding lojman sosyal yo ak deyò yo ak yon distans 25 pye de nenpòt bilding NYCHA. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Smoke-Free NYCHA, vizite biwo jesyon NYCHA ki nan zòn ou an oswa on.nyc.gov/nycha-smoke-free. Pou w rapòte yon vyolasyon, rele Sant Kontak Kliyan NYCHA nan 718-707-7771.

E si mwen gen yon timoun lakay mwen epi lafimen dezyèm men ban m pwoblèm pou li?

Kontakte pwofesyonèl swen sante timoun ou an. Si yon timoun lakay ou gen yon andikap oswa yon maladi kwonik (tankou opresyon) epi li ka benefisye lòt sèvis anplis, kontakte pwogram pou Children And Youth With Special Health Care Needs program (Timoun ak Jèn ki Bezwen Swen Sante Espesyal) lè w rele **311**, voye yon imèl cshcn@health.nyc.gov, oswa ale sou nyc.gov/health epi chèche "**children and youth with special health care needs.**" (timoun ak jèn ki bezwen swen sante espesyal).

Kijan mwen ka fè bilding rezidansyèl mwen an vin tounen yon espas kote moun pa fimen?

Si ou vle bilding ou an vin tounen yon espas ki konplètman san lafimen dezyèm men, voye yon lèt oswa yon imèl bay pwopriyetè oswa bay manadjè bilding ou an. Dekri pwoblèm ou genyen ak lafimen tabak oswa lafimen kanabis k ap antre lakay ou a epi mande yon règleman pou bilding san moun k ap fimen. Anvizaje mande vwazen ou yo pou yo fè menm demann lan tou. Konsève yon kopi tout demann ou fè alekri yo.

Antanke pwopriyetè bilding, kijan mwen ka fè pwopriyetè mwen an vin tounen yon espas ki pa aksepte moun fimen?

Si w se yon pwopriyetè bilding, ale sou nyc.gov/health epi chèche "**smoke-free housing**" (lojman san moun k ap fimen) pou w ka jwenn resous pou devlope oswa chanje règleman bilding ou an genyen sou moun k ap fimen yo, tankou yon echantiyon règleman ki gen ladan l tabak, kanabis ak pwodwi pou aspire vapè ak enfòmasyon sou kijan pou w gen yon lojman san moun k ap fimen pou rezidan yo.

Pou tout kalite kesyon, voye yon imèl nan shscomplaints@health.nyc.gov. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kanabis, ale sou nyc.gov/health epi chèche "**cannabis**" (kanabis).